Пщэдей Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№81 (23.239) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Накъыгъэм и 1 махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм Зэрызахуигъаззэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ.

А махуэр мамырыгъэм, ефIэкIуэныгъэм, насыпым псори зэрыхущIэкъум, гуащIэрыпсэу цIыхум иIэ пщIэм я дамыгъэщ икIи иджырей псэукIэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэхэр щIэзыгъэбыдащ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ дяпэ ита щIэблэ куэдым зэтрагъэува хабзэфIхэр хъумэным, лэжьакIуэ цIыхур фIыуэ ильэгъуу икIи абы пщIэ хуащIу, я къалэнхэр кьагурыIуэу икIи жэуаплныигъэ яхэлъу ди сабийхэр гъэсэным.

Мы зэманым властым, профсоюзхэм, политикэ партхэм, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIкIэр хузэщIагъэIуэ псэукIэм и мардэ лъагэхэр зэтегъэувэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я ГъащIэр тынш икIи нэхъыфI щIыным, дэтхэнэ зы цIыхуми и гуащIэмрэ зэфIэкIымрэ кьигъэсэбэпын икIи хуэфащэ пщIэ кьыIэрыхьэн папщIэ зыхуеину Iэмал псори зэтегъэувэным. Ди кьару зэхэлъкIэ апхуэдэ мурадыфIхэр зэрызэдгъэхъулIэнум шэч кьытесхьэркъым.

Накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу псоми сынывохъуэхъу узэншагъэ быдэ, гъатхэ гукъыдэж, мамырыгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ фиIэну.

IутIыж махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм Зэрызахуигъаззэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIыкIэ IутIыж гуфIэгъуэ махуэшхуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу православнэ диным иту республикэм щыпсэухэм.

А махуэшхуэм дэ аргуэру зэ дигу къеГъэкIыж мыкIуэдыжьын фIыгъуэхэр: дин фIэщхъуныгъэр, цIыхухэм яхуэгъэза лъагъуныгъэр, гущIэгъур, псапэр - цIыху гурыщIэм и къежьапIэ лъагэхэр.

Ди зэхуэдэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ цIыхум хуэгъэза лъагъуныгъэмрэ илъэсищэ бжыгъэ лъандэрэ зэщIагъэIуэ икIи зэкъуагъуэв Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубзр. Дэ пщIэшхуэ хуэдэ зэгурыIуэныгъэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ я хабзэхэр хъумэнымрэ гъэбзагъуэнымрэ православнэ члисэхэм хащIыхьым. Властым и органхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я зэфIэкI псори, ди цIыхухэр кьызыхэкIа лъэпкъымрэ яIыгъ динымрэ емылъытауэ, зэщIэгъэуIуэным, мамырыгъэмрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным дяпэкIи зэрыхуэхъунэтIынум шэч кьытесхьэркъым.

ДызыхуэкIуэ гуфIэгъуэ махуэшхуэм ирихьэлIэу православнэ чристэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, ефIэкIуэныгъэ иIэну, я мурадыфIхэр нахуанIэ хъуну.

КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм и пщIэдзэм хиубыдэ гуфIэгъуэ махуэхэр гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьазырым теухуа зэIущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 71-рэ щрикъум зэрызыхуагъэхьазырым теухуа зэIущIэ.

ХАБЗЭР хъумэным хуэгъэзауэ нэхъ апэкIэ яубзыхуауэ щыта Iэхуэхэм апкъ иткIэ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ щащIащ цIыху куэд щызэблэкI щIыпIэхэм - парксэм, утыкуэм, концерт гъэлъэгъуапIэхэм, спорт Iэхуэщ1апIэхэм - шынагъуэншагъэ къыщIэзэгъэпэщыным щегугъуну. «Полк уахътыншэ» урысейпсо Iэхуэм и гугъу щащIым кьагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу абы цIыху мини 10-м щигъу хэтыну зэрамурадым. КIуэкIуэ Юрий кьыхигъэщхьэхуIащ абы и лъэныкъуэкIэ хэгъэзыхь щыIэ зэрымыхъунур. «Ар дэтхэнэми еэым и Iэхужщ, абы и лъэныкъуэкIэ зыри хагъэзыхь хъунукъым», - кьыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Гульытэ хэха хуащIащ зауэм и ветеранхэм, тылым щыIэжьахэм защIэгъэкъуэным пыщIа Iэхуэхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. ТI., КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым и Секретарь Емкъуж А. Хь., зыхуэфащэ министерствэхэм, ведомствэхэм, Налшык къалэ округым и администрацэм я унафэщIхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ГуащIэрыпсэухэм дэни щагъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр ГуащIэрыпсэухэм я дунейпсо зэкъуэтныныгъэм и махуэмкIэ къывохъуэхъу.

Накъыгъэм и 1 махуэшхуэр цIыхубэм фIыуэ ильэгъу. Ар езыхэм я хуитныныгъэхэр яхъумэжныным хуэгъэзауэ гуащIэрыпсэухэм ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм и дамыгъэщ. А махуэм дунейм и къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ цIыху мелуанхэр уэрамхэм къыдохьэ, лэжьакIуэ цIыхум пщIэ зэрыхуащIыр, захуагъэмрэ зэхуэдэныгъэмрэ зэрителъхьэр кьагъэлъэгъуэн папщIэ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм кьахэкIа, ди ныбжьыкIэ зэхуэмыдэ, Iэщ1агъэ зэмыщхьхэм пэрыт цIыху дунейм тет псоми я дежкIэ лъапIэ фIыгъуэхэр: лэжьэну Iэмал иIэныр, лэжьапщIэ тэмэм кьаIэрыхьэныр, лэжьапIэ Iэнатlэхэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщыныр зи гурыльхэр Накъыгъэм и 1-м зэкъуегъэувэ икIи абыхэм я гукъыдэжыр кьеIэт.

Дэ, коммунистхэр, лжьыгъэр фIыуэ зыльагъуэхэм икIи тэмэму лжьэфхэм дрательхьэщ. Дынывохъуэхъу фи хуитныныгъэмрэ сабэп зыхэлъхэмрэ зэпIэзэрыту икIи ерыщу фыщIэбэныну, евгъажьэ Iуэху псори кьывэхъулIэну, узыншагъэ, ефIэкIуэныгъэ, мамырыгъэ фиIэну!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и апэ секретарь **ПАЩТЫ Борис**.

Бахъсэн районым щыIэ Махуэгъэпс хъупIэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжным и Iэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и Iэхуэкlэ» 1999 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Федеральнэ закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ, кхъуэм и африкIэ емынэ узым и къежьапIэр Бахъсэн районым щыIэ Махуэгъэпс хъупIэм и щIыналъэм зэрыщагъэкIуэдам къыхэкIыу:

1. Бахъсэн районым щыIэ Махуэгъэпс хъупIэм и щIыналъэм кхъуэм и африкIэ емынэ узым теухуауэ щагъэуваурэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьжын.

2. Къару имыIэжу кьэлъытэн «Уэ зэрыщIалъэ кьыщежьа щIыпIэм - Бахъсэн районым щыIэ Махуэгъэпс хъупIэм и щIыналъэм - мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъуэвыным и Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкIа унафэ №21-РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м
№30-РГ

Арати, къытхуэкIуащ илъэс къэс ди къэралым Iэтауэ щагъэлъапIэ гуфIэгъуэшхуэр - Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэр. Цыхухэр зэхохьэ, концерт зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм йоплъ, я нэгу зрагъэужьыну щыIэ дахэхэм макIуэ. Хэти и хадэ йолэжьыхь (Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм Iуэхуншэу ущыс хъурэ?!).

Дунейм и щIэрэщIэгъуэмрэ ди гугъапIэхэмрэ

И МЫХЬЭНЭМ зихуэж зэпытми, накъыгъэм и 1-р куэд щIауэ цIыхухэм ягъэлъапIэ щхьэусыгуэу зэмылIэужьыгуэхэмкIэ. Пасэрей Римым а махуэм тхьэ Майя Iэщ хуаукIырт бэвыгъэкIэ къахуэупсэну елъэIуу. Зэгуэр ар Илъэсыщ1эуи щытащ: курыт лIэщIыгъуэхэм гъэщIэр къыщихьэр арат. Пётр Езанэм и унафэкIи епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм Урысейми щагъэлъапIэу щIадзат.

Арщхьэкlэ ар дунейпсо утыку къыщихьар 1886 гъэм накъыгъэм и 1-рщ. А махуэм Канадэмрэ США-мрэ я къалэхэм я уэрамхэм цIыхухэр дыхьащ, я улахуэхэр кьаIэтыну, я псэукIэр ирагъэфIэкIуэну кьагъэуву. Псом хуэмыдэу зытрагъащIэр лэжьэгъуэ зэманыр сыхьэти 10-12-м кьрагъэкIыу сыхьэти 8-м хуагъэкIуэнырт. Ар я гуапэ хъуакъым властхэм. Зи мыарзэныныгъэр къэзыгъэлъагъуэхэм япэщIэуващ полицэр. Псом хуэмыдэу гуащIэу щызэпэщIэтащ негрхэр куэду щыпсэу Чикагэ американ къалэм. ЛъэныкъуитIыр щызэпщэфыIам, абы цIыху зыбжанэ хэкIуэдащ.

Хъыбар гуаэр дуней псом щызэпъащIысащ икIи ар лъэужьыншэ хъуакъым. А илъэс дыдэм и бадзэуэгъуэм ЕтIуанэ Интернационалым ПарижщригъэкIуэкIа зэIущIэм унафэ къыщащтащ накъыгъэм и 1-р къэрал псоми я пролетархэм я зэакъылэгъуныгъэм и махуэу ягъэувыну. Мис апхуэдэ щIэдзапIэ иIащ иужькIэ гуфIэгъуэм хуэкIуа махуэшхуэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Хъыбар гуапэ

Къэрмокъуэ Ахьмэд и дамыгъэ лъапIэр

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэу зэрылажьэм, егъэджэныгъэм и Iэмалыщ1эхэр кьызэрихутам икIи Iэщ1агъэ лъагэ зиIэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырым и лъэныкъуэкIэ зэфIэкIышхуэ кьызэригъэлъагъуэм папщIэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къыдигъэкIа унафэм игъэ иткIэ «Урысей Федерацэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтныимкIэ и Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр кьыфIащ Къэрмокъуэ Ахьмэд Мацэ и къуэм, физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторым, профессорым.

Къэрмокъуэ Ахьмэд 1969 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м щолажьэ. Ар ассистенту, егъэджакIуэ нэхъыжьу, доценту, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу щытащ. Иджыпсту профессорщ, кафедрэм и унафэщIщ. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 110-м щигъу къытригъэдзащ.

УЭЛДЖЫР Аринэ.

ЦIыхухэм хэхыныгъэмкIэ я хуитныныгъэхэр хъумэным теухуауэ

2016 гъэм фокIадэм и 18-м Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я лIыкIуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым ыкIи зэхуэсыгъэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щагъэуващ хэхыныгъэм пыщIа Iэхуэ псоми теухуауэ цIыхуэр зыдэпсалъэ хъун телефон.

Телефоным и номерыр: **8(8662) 77-68-23**.

КъБКъУ-р Урысейм и университет нэхъыфIу 100-м хабжэ

ЩIэныгъэлIхэм я советым и зэIущIэм апхуэдэ хъыбар гуфIэгъуэ хэIущIыIу щиущащ КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэухъумэныгъэ лэжьыгъэмрэ нэгуэущI къэралхэм япыщIауэ щытыныкIэ и проректор Савинцев Алексей. Абы зэрыжиIамкIэ, «Урысей Федерацэм щIэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыныимкIэ къалэнхэмрэ зыхуэплъэ мурадхэмрэ» зыIыгъа урысейпсо конференцым ар къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфI дыдэу 100-м ящыщу къыщалъытащ икIи медаль къыщратащ.

УЭЛДЖЫР Аринэ.

● «Си бзэ - си псэ, си дуней»

Къугъуэлъкъуэйм адыгэбзэр щаIэт

«Адыгэ псалъэ» газетым и жэрдэмкIэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм илъэс пщыкIубл хъуауэ ди щIыналъэм щригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалым и иужьрей зэхыхьэр иджыблагъэ щекIуэкIащ Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм дэт курыт школ №2-м (унафэщIыр Щоджэн Мартузщ).

ЕДЖАПIЭМ кьыщызэрагъэпэща Iуэхугъуэм жылэпсо, районпсо мыхьэнэ зэриIэр нэрылъагъут абы хуагъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэ хупщIафIэмкIэ, кьрагъэблагъа хьэщIэ лъапIэхэмрэ кьекIуэлIа бысымэхэмкIэ. Апхуэдэхэт Лэскэн районым, Урыху жылэм я администрацэхэм я унафэщIхэр, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ кьудамэм и Iэщ1агъэлIхэр, егъэджэныгъэм и ветеранхэр, жылэм и нэхъыжьыфIхэр, нэгуэущIхэр. Школым и егъэджакIуэхэм, абыхэм я гъэсэнхэм я зэфIэкIым кIэлъыплъыну, я ехъулIэныгъэхэм нагуэ зыхуащIыну яхуэкIуат КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм и хэпщытакIуэ гупи.

«Къугъуэлъкъуейр адыгэ дунейщ» зыхуэхъуэжныгъэм щIэту екIуэкIа зэхыхьэ купщIафIэм икIи гукъинэжым теухуа тхыгъэ убгъуа тетынущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп. ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Астрахань»

Налшык. «Спартак» стадион.

Накъыгъэм и 3-м сыхьэт 17-м щIедзэ.

Гу зылъытапхъэ

Нобэрей къыдэкIыгъуэм щIыгъуг лъэпкъым и фIыгъуэ мыльытэ, дуней псом цIэрыIуэ дызэрыщыхьуа хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ адыгэшым теухуа гуэдэныр.

Шэджыхьащ1эм и фэеплъ

● Дыгъуасэ

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару щыта Шэджыхьащ1э Мухьэмэд зыщIэса унэм дыгъуасэ фэеплъ пхъэбгъу щыфIадзащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным зи гуащIэ ин хэзылъхьа къэрал лэжьакIуэм пщIэшхуэ зэрыхуащIым и щыхьэту я Iэхум цIыху куэдым зыкъраГъэхьэлIат.

Цыхуэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныимкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис** жиIащ: «ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мы Iэхуэр ТекIуэныгъэм и махуэр щыдгъэлъапIэнум ирихьэлIэу кьызэрызэрагъэпэщар. Шэджыхьэщ1эр езыр лIыгъэ зэрихьэу Хэку зауэшхуэм хэтащ. Мухьэмэд цIыхуфIт икIи лэжьакIуэ псэемыблэжт. Абы удэгъуэгурыкIуэну тыншт, чэнджэщ щхьэпэхэр къуитырт. Сыт хуэдэ Iэхуми жэуаплныгъэ хэлъу ар еуавлIэрти, дэри а щапхъэ дытетын хуейуэ пщэрылъ зыщытщIэжырт. Къыщащъхуа Джылахьстэнеи щIыналъэр абы и псэм пищIу фIыуэ ильагъурт, Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным зэпымыууэ телажьэрт. Куэд хузэфIэкIащ Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд. Абы и фэеплъыр мыкIуэдыжынщ».

Бер Мухьэдин кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщIэжа хъуным лъабжьэ хуэзыщIахэм Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд зэращыщыр, а Iэху мытыными абы и фIыщ1э зэрыхэлъыр. «Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лжьакIуэ КIэрэф Кьамболэт и гъэсу ди лъэпкъэгъуэр ильагъуну Сириием, Иракым, Иорданием япэу кIуахэм ар яхэтащ. ИужькIэ абыхэм яхуэзфIэкIат ди лъэпкъэгъуэхэм я сабийхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьрагъэблагъэурэ зыщагъэгъэпсэхуу, я зыншагъэм кIэлъагъэлIу зэтраублэну. Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд фIыуэ емыгупсысауэ зы лъэбакъуэ ичыгтэкIым, арагъэнт Iуэху кьыщIелъхьэнум. Сыт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуэр зыхуэныкIуэр?! А упщIэм тещIыхьауэ лажьэрт. Апхуэдэущ ар ягу кIыхьэринар къэзыцIыхуу щыта псоми», - жиIащ Берым.

Тэрч щIыналъэ администрацэм и унафэщ1 **Бэлэтокъуэ Владимир** кьыхигъэщащ Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд и ГащIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм кьыгухьэнэ щIыналъэ имыIэу зэрыпыщIар. «ИкъукIэ дрогушхуэ апхуэдэ къэрал лэжьакIуэ ди щIыналъэм зэрыщагъэIам. Завод, фабрикэ хуэдэхэр имыхуухами, ар хущIэкъуащ республикэр зызыужь щIыналъэхэм ящыщ ищIыным, лъэпкъхэр ефIакIуэу игъэпсэуным. А зэман нэхъ гуГъуэм абы хуэзфIэкIащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щэнхабзэм зригъэужьыну. Гудзакъэ иIэу адыгабзэр хъумэнми бгъэдэтащ. Хамэ къэрал щыпсэу ди къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ дапыща хъун папщIэ, абы, зэрыжаIащи, «лъэмыж» тригъэлъхьат. Сэ си щхьэкIэ сцIыхуакъым Шэджыхьэщ1эр, ауэ Урожайнэм ди лъапсэхэр щызэгъунэгъути, абы теухуауэ сыт щыгъуи псалъэ гуапэ фIэкIа зэи зэхэсхакъым. Си анэшхуэм кьызэжиIэжырт ар тхылъ куэду еджэу зэрыщытар. Пэжыр жыIэнщи, сэри абы щапхъэ зэрытесхынум сыхуущIэкъурт. Псоми ящIэ абы и анэр фIы дыдэу ильагъуу зэрыщытар. ИкъукIэ гумащIэт. Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд ди тхыдэм кьыхэнэнущ къэрал лэжьакIуэ щIэрыIуэу, лъэпкъым и къуэ пажэу. Сохъуэхъу Шэджыхьэщ1э лъэпкъым, апхуэдэ щIыху дахэ зэраIамкIэ», - жиIащ Бэлэтокъуэм. Апхуэдэуи абы кьызэхуэсахэм яжриIащ зэман гъунэгъум Тэрч къалэм и зы уэрамым Шэджыхьэщ1эм и цIэр зэрыфIащынур.

КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщ1 **Пащты Борис** кьыхигъэщащ Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд лъэпкъ идеологием зэпымыууэ зэрытелэжьар. «Ноби дыхуэныкъуэщ лъэпкъ зэхущытыкIэхэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэр хъума хъуным яхуэщхьэпэну гупсысэрэ IуэхущIафэрэ. Шэджыхьэщ1эм и лъагъуэм ирикIуэну щIэблэ дяпэкIэ кьыдэкIуэтеину, апхуэдэ цIыхуэхэр ящымыгъупщэну дыщогуГъ», - жиIащ Пащтым.

Зэхуэсым кьыщыпсэлъащ Хамэщ1 щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ядэлэжьэнымкIэ «Хэку» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщ1 **Нэкlащэ Владимир**, **Шэджыхьэщ1э** лъэпкъым я нэхъыжь **Георгий**, нэгъуэщIхэри.

Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд и къуэ **Александр** кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи кьыхигъэщащ и адэр цIыхухэм ягу IэфIу кьызэринар зэхихыну зэригуапэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

Дунейм и щIэрэщIэгъуэмрэ ди гугъапIэхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Зэрыгурыуэгъэщи, лэжьакIуэхэр щыхуитныныгъэншэ дыдэ пащтыхь Урысейм Париж къыщащта унафэр щыпхыкIакъым. Уеблэмэ, щагъэуващ а махуэм цIыхухэр зэхьихьэ мыхъуну: властхэр хуейтэкъым къулейсызхэм зыгуэркIи къапикIуэтыну. АрщхьэкIэ революцэ зэщIэхъееныгъэр хуэм-хуэмурэ къыщыкъуубей ди къэралым накъыгъэм и 1-р лэжьакIуэбэм щIэтыпт зэрахуэзэфIэкIкIэ: мэз хуейхэм щызэхуэсырт, къэуафэжьейхэмкIэ псым - техьэрти, я псэукIэ хьэпIэр эфIэкIуэн. папщIэ щIэн хуейхэм тепсэпыхьыырт.

Ялъ дыдэу гуащIэрыпсэухэр хуиту уэрамхэм къыдыхьэ щыхьуар Февраль революцэм иужькIэщ, 1917 гъэрщ. Большевикхэм тетыгъуэр яIэрыхьа иужь накъыгъэм и 1-р къэралпсо гуфIэгъуэ хъуащ - ГуащIэрыпсэухэм я дунейпсо зэзакъыпэгъуныгъэм и махуэ. Коммунистхэм ар я Iэщэ къыщIэкIыжьа дощIри, долтар мелуанхэр зыIэрыхьэмрэ кIуэ пэтми нэхъ «гъур» хъу сомым «тесымрэ» зэакъылэгъуну? Абы и жэупыр гурыIуэгъэщ.

Хуабжьу дызыгъэпIейтейщ нэгъэщI зы Iуэхуи. ЦIыхуу куэдыр Iэнатlэншэщ, псом хуэмыдэу ныхуэжьдэс щIалэгъуалэр. Хэдэн, ягу ирихь къыхахьын дзэ къэна, лэжьапIэ гуэри ягъуэтыркъым. Дэ экстремизмэм дыпэщIэтыну дыхуеймэ, псом япэу абы девгъэгупсыс. Балигъ ныбжьым иува щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ Iэщlагъи лэжьапIи ягъэтын хуейщ. Iэнатlэ Iутым нэгъэущI Iэхъу зрихуэнхъым, унагъуэ ихуэзу ар иплъыжьи фIэкIа. А тIур къуэпскIэ быдзу зэпыщIащ.

ГуфIэгъэхэм деж ехъулIэныгъэхэм я мызакъуэу дызыхунэмысаехэри къэдгъэлъэгъэну Ленин Владимир къыгъэна уэсятым дыкъегъ аракъым а къомым я гугъу щIэтщIыр. Сыт хуэдэу щытами, ди гъащIэм фIыуэ хэпъыр нэхъыбэщ: дызыхуейр хуиту жьытIэ хъуащ, ди псэукIэри хуэмурэ йофIакIуэ. Ар псом хуэмыдэу щыбелджылыщ иужь илъэсхэм ухуэнысгъэ инхэр, зэхъуэкIыныгъэ хъарзынэхэр щекIуэкI ди Къэбэрдей-Балъкъэрым. А дызытет гъуэгум ирикIуэмэ, республикэм зэгуэр псори и пIэ щиувэжьынущ.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Iуащхьэмахуэ щIынатъэ

Емынэ узым зэрыпэщIэтыпхъэм щытопсэлъыхь

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Афашоковэ Раисэ уэ зэрыщIалэхэм ялэщIэтынымкIэ район комиссэм и зэIуцIэ иригъэкIуэжащ. Абы щыгъэпкърахащ емынэ узыр профилактикэ зэращI Iэмалхэр. Зэхъыхьэм хэтащ щIыналъэм узынщагъэр хъумэныкIэ, потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ, ветеринариемкIэ и Iуэхущ1апIэхэм, гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ центрым, Тырныауэ къалэ администрацэм, хуабжьэ, газкIэ, псыкIэ къыхэзыгъэпэщ организацэхэм, транспортымрэ связымкIэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

ЗIУЩIЭР къыщыхэзIуихым, Афашоковэ Раисэ къыхигъэщащ емынэ узым и къежьапIэр къыхэзрахутэ щIыкIэм хихьэу, «Эпидемием пыщIа къыхэзрымыкIуэ щытыкIэ къэмыхъун, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм уэ зэрыщIалэхэр ирамыхьэн икIи щIыхь зэрыгъэ щIыналъэм щIыхь щIыхь щIыхь

Щоджэн Аслъэнбэч хуэдэхэр нэхъыбамэ...

● ДифI догъэлъапIэ

ЩIэнэгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт и ныбжьэгъухэм я гъусэу. *2006 гъэ*

Щоджэн Аслъэнбэч теухуа очерк стхыну иужь сыщихьам и биографием щыщ гуэрхэм ІэшІэупщІэжьну езым зыхуэзгъэзэни, къыпыгуфыкIри, мыр къыжиІащ: «Феликс, уэрэ сэрэ ди ныбжьэгъухэр цIыху цIэрыIуэхэщ. Ахэр - КПСС-м и обкомым и секретарь, республикэм и Совминым и унафэщIу щыта Мамхэгъ Михаил, КПСС-м и обкомым и япэ секретарь лэжьа, Афганистаным и лIыхъужь Зумакулов Борис, Госпланым и унафэщIу, КъБР-м и профсоюзхэм я пашэу щыта Тау Пщыкъан, юстициэмкIэ министру, Сбербанкым и унафэщIу лэжьа Губашиев Владимир, КъБАССР-м и курортхэм я унафэщI УнащIэ Сафуани, «Къэбалъкъэнерго»-м и унафэщI Къущхьэ Мухьэжид, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI кулыкъуэ зыныгъа Лъостэн Георгий, промышленностымкIэ министру, налмэсым къыхэщIыкIа Іэмэпсымэхэр щащI заводым и унафэщIу щыта Хьэжу Владимир, уэрати - КъБАССР-м и автоуправленэм и Іэтащхьэу ущытащ, иджы еджапIэ нэхъыщхьэм и ректору уолажьэ! Сэ сыткIэ сыцIэрыIуэ зи щIэныкIуахэм ельытауэ? Студентхэм «2» куэд зэрахуэзгъэувар армырамэ? Араши, очерк щIыхуэпэтхын щхьэусыгъуэ щымыIэну къызэлъытэ».

Сэ ЗИ гугъу сщIынут Аслъэнбэч и кулыкъуракъым, атIэ ар цIэрыIуэ зыщIа и зэчиимэр псэемыблэж лэжьакIэмрэщ. Эйнштейн жиIауэ щытащ и нэхъ цIыху акъылыфIэми гугъу зримыгъэхьмэ, мылажьэмэ, зыри зэрызэримыгъэхъулIэфынур. Къапщтэмэ, лэжьыгъэракъэ цIыхур номиным къыщхьэщыкI зыщIар, языныкъуэкэр номинэм яхьыхьэжыну хуейуэ мы ди зэманым къыпщыхьуми.

Щоджэн Хьэжумар и къуэ Аслъэнбэч 1936 гъэм мэлыхьыхьым и 11-м Тэрч щIынальэм хыхьэ Плановскэ къуажэм къыщалъхуащ. 1954 гъэм абы къиухащ Налшык къалэ дэтэ республикэ школ-интернатыр, еджапIэ нэхъыфIу кьалъытэу щытар.

1954 - 1959 гъэхэм Аслъэнбэч щеджащ Москва мэкъумэш ІэнатIэр механизацэ, электрификацэ щIынымкIэ институтым электрификацэмкIэ и факультетым (МИИМЭСХ). Абы щIэсыху ар хэтащ комсомол комитетым. Аслъэнбэч и цIэр иратащ институтым и комсомол комитетым и Щ1ыхь тхыльым, ВЛКСМ-м и ЦК-м и Щ1ыхь тхыльэ кьыхуагъэфэщащэ щатащ.

1959 гъэм щыщIэдзауэ 1963 гъэм нэсыху ар инженеру щыIэжьащ Бахъсэн ГЭС-м, Налшык къыщыізэIуахагъащIэ электроремонт заводым и цехым и унафэщIу, щытащ «СельэнергО»-м и инженер нэхъыщхьэу, политехникумым (НПТ) и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьэдэгъу.

60 гъэхэм я щIэныгъэм Налшык политехникумыр щыгъыни щабэ-щад техникумыр и лъабжьэу кьыізэрагъэпэщащэу арат. ЗэрыгурыIуэгъэущи, дэрбзэрэр политехническэ техникумым щылэжьэфынутэкьым. Абы кьыхэкIкIэ, еджапIэр кьызэрызэIуахар зи фIыщIэ, абы и япэ унафэщI Шэру Мухьэмэд кьрегъэблагъ Москва, Ленинград, Харьков, Одессэ, Новочеркасск, нэгъуэщI кьалэхэм инженер Іэщ1агъэ, щIэныгъэ щIэзэзыгъэуэта, мурадхэр зи куэд щIалэгъуалэр - Абазэ Ануар, Бэдзиэдэ Сэлэдуэ, Будаев Борис, Гъуэ1апщ Владимир, Кьурашэ Юрэ, Курданов Джэбрэил, Марыщ Мухьэмэд, Мызокъуэ Эдуард, Фанзий Василий, ХъэцIыкIу Борис, Шурдым Барэсбий сыIэ. Абыхэм я унафэщIу игъэуващ Щоджэн Аслъэнбэч. Икли дэрбзэрэр щагъэхьэзыру щыта техникумыр зы илъэсрэ ныкъуэм кьриубыдэу политехникум лъэрызехьэу кьызэфIагъэуващ, а лъхъэнэм КъБАССР-м щIэгъэхуэбжьауэ зыщызыжькъ промышленностымрэ ухуэнныгъэмрэ щылэжьэну Іэщ1агъэлIхэр кьыщIигъэкIыну.

1963 гъэм Щоджэнныр езым кьиуха институтым (1960 гъэм Темирязевскэ мэкъумэш академием хагъэхьэжат) и аспирантурэм щIотIысхьэ. Зы илъэс фIэкIа емыджауэ МИМЭСХ-р академием кьыхагъэкIыж мэкъумэш Іэнатіэм папщIэ инженерхэр щагъэхьэзыр институту (МИИСП). Абы и унафэщIхэр кьыщыхахым, аспирант Щоджэныр еджапIэм комсомол зэгуэхэныгъэр кьыщыгъэщIэрэщIэжьынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и Іэтащхьэу ягъэув, иужькIэ секретарь кьулыкъур кьрат.

1964 гъэм и жэпуэгуэм екIуэкIа комсомол конференцым коммунист Щоджэн Аслъэнбэч институтым и комсомол комитетым и секретару щыхах, соми 110-рэ и улахуэу. А кьулыкъум пэрытыху Щоджэным хуэзфIэкIат цIыху мини 5 зыхэт комсомол зэгуэхэныгъэ институтым кьыщызэригъэпэщыну, дауи, ректоратымрэ парткомымрэ а Іуэхумкіэ кьыдэІэпыкъуащ.

1965 гъэм абы кьыхуагъэлъэгуэт адэкIэ зыгъэкIуэтэн комсомол лэжьыгъэ, ауэ идакъым. «Абы щыгъуэ си хуэзпсапIэр политикэ лэжьакIуэ сыхъунратэкъым, атIэ техникэ щIэныгъэхэм я кандидат щIэр си щIэныгъэкIэ зыІэрызгъэхьэныртэ», - жеIэ Аслъэнбэч.

1968 гъэм Щоджэным и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIри, Налшык къыгъэзэжащ. Арщхьэкlэ, КъБКъУ-м лэжьыгъэ щимыгъэту, Орджоникидзе макIуэ, ар аспирантурэм зэрыщIэсри Горскэ мэкъумэшэ институтыр кьыщIэупщIэрт. ЭлектрификацэмкIэ факультет кьыщызэIуахагъащIэти, Іэщ1агъэлIхэр яхурикъутэкъым. Арати, Аслъэнбэч занщIэу «Теоретические основы электротехники, электроснабжение и автоматика» кафедрэм и унафэщI ящI. А кьулыкъум зы илъэсым тIэкIу щIигъуу пэрытауэ арат, езым хуэдэ Іэщ1агъэлI щIалэхэр кьыдэІэпыкъуу кафедрэщIэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ щищIам. Кафедрэ «нэщI» щытам иджы Іэмэпсымэ псори зыщIэт лабораториеу 6 иІэт. Иужькlэ ди республикэм и электрификацэ Іэнатlэм щылэжьа ди щIалэ куэд щригъэджащ абы Горскэ мэкъумэш институтым.

1969 гъэм КъБКъУ-м и ИТФ-м лэжьыгъэ кьыщыкъуэкIри, доцент Чым Владимир и фIыгъэкIэ Щоджэным кьиригъэхьэзыр институту (МИИСП). Абы и унафэщIхэр кьыщыхахым, аспирант Щоджэныр еджапIэм комсомол зэгуэхэныгъэр кьыщыгъэщIэрэщIэжьынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и Іэтащхьэу ягъэув, иужькlэ секретарь кьулыкъур кьрат.

1964 гъэм и жэпуэгуэм екIуэкIа комсомол конференцым коммунист Щоджэн Аслъэнбэч институтым и комсомол комитетым и секретару щыхах, соми 110-рэ и улахуэу. А кьулыкъум пэрытыху Щоджэным хуэзфIэкIат цIыху мини 5 зыхэт комсомол зэгуэхэныгъэ институтым кьыщызэригъэпэщыну, дауи, ректоратымрэ парткомымрэ а Іуэхумкіэ кьыдэІэпыкъуащ.

1965 гъэм абы кьыхуагъэлъэгуэт адэкIэ зыгъэкIуэтэн комсомол лэжьыгъэ, ауэ идакъым. «Абы щыгъуэ си хуэзпсапIэр политикэ лэжьакIуэ сыхъунратэкъым, атIэ техникэ щIэныгъэхэм я кандидат щIэр си щIэныгъэкIэ зыІэрызгъэхьэныртэ», - жеIэ Аслъэнбэч.

1968 гъэм Щоджэным и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIри, Налшык къыгъэзэжащ. Арщхьэкlэ, КъБКъУ-м лэжьыгъэ щимыгъэту, Орджоникидзе макIуэ, ар аспирантурэм зэрыщIэсри Горскэ мэкъумэшэ институтыр кьыщIэупщIэрт. ЭлектрификацэмкIэ факультет кьыщызэIуахагъащIэти, Іэщ1агъэлIхэр яхурикъутэкъым. Арати, Аслъэнбэч занщIэу «Теоретические основы электротехники, электроснабжение и автоматика» кафедрэм и унафэщI ящI. А кьулыкъум зы илъэсым тIэкIу щIигъуу пэрытауэ арат, езым хуэдэ Іэщ1агъэлI щIалэхэр кьыдэІэпыкъуу кафедрэщIэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ щищIам. Кафедрэ «нэщI» щытам иджы Іэмэпсымэ псори зыщIэт лабораториеу 6 иІэт. Иужькlэ ди республикэм и электрификацэ Іэнатlэм щылэжьа ди щIалэ куэд щригъэджащ абы Горскэ мэкъумэш академием хуэзгъэзэжат) и аспирантурэм щIотIысхьэ. Зы илъэс фIэкIа емыджауэ МИМЭСХ-р академием кьыхагъэкIыж мэкъумэш Іэнатlэм папщIэ инженерхэр щагъэхьэзыр институту (МИИСП). Абы и унафэщIхэр кьыщыхахым, аспирант Щоджэныр еджапIэм комсомол зэгуэхэныгъэр кьыщыгъэщIэрэщIэжьынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и Іэтащхьэу ягъэув, иужькlэ секретарь кьулыкъур кьрат.

1964 гъэм и жэпуэгуэм екIуэкIа комсомол конференцым коммунист Щоджэн Аслъэнбэч институтым и комсомол комитетым и секретару щыхах, соми 110-рэ и улахуэу. А кьулыкъум пэрытыху Щоджэным хуэзфIэкIат цIыху мини 5 зыхэт комсомол зэгуэхэныгъэ институтым кьыщызэригъэпэщыну, дауи, ректоратымрэ парткомымрэ а Іуэхумкіэ кьыдэІэпыкъуащ.

1965 гъэм абы кьыхуагъэлъэгуэт адэкIэ зыгъэкIуэтэн комсомол лэжьыгъэ, ауэ идакъым. «Абы щыгъуэ си хуэзпсапIэр политикэ лэжьакIуэ сыхъунратэкъым, атIэ техникэ щIэныгъэхэм я кандидат щIэр си щIэныгъэкIэ зыІэрызгъэхьэныртэ», - жеIэ Аслъэнбэч.

1968 гъэм Щоджэным и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIри, Налшык къыгъэзэжащ. Арщхьэкlэ, КъБКъУ-м лэжьыгъэ щимыгъэту, Орджоникидзе макIуэ, ар аспирантурэм зэрыщIэсри Горскэ мэкъумэшэ институтыр кьыщIэупщIэрт. ЭлектрификацэмкIэ факультет кьыщызэIуахагъащIэти, Іэщ1агъэлIхэр яхурикъутэкъым. Арати, Аслъэнбэч занщIэу «Теоретические основы электротехники, электроснабжение и автоматика» кафедрэм и унафэщI ящI. А кьулыкъум зы илъэсым тIэкIу щIигъуу пэрытауэ арат, езым хуэдэ Іэщ1агъэлI щIалэхэр кьыдэІэпыкъуу кафедрэщIэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ щищIам. Кафедрэ «нэщI» щытам иджы Іэмэпсымэ псори зыщIэт лабораториеу 6 иІэт. Иужькlэ ди республикэм и электрификацэ Іэнатlэм щылэжьа ди щIалэ куэд щригъэджащ абы Горскэ мэкъумэш академием хэт и аспирантурэм щIотIысхьэ.

1969 гъэм КъБКъУ-м и ИТФ-м лэжьыгъэ кьыщыкъуэкIри, доцент Чым Владимир и фIыгъэкIэ Щоджэным кьиригъэхьэзыр институту (МИИСП). Абы и унафэщIхэр кьыщыхахым, аспирант Щоджэныр еджапIэм комсомол зэгуэхэныгъэр кьыщыгъэщIэрэщIэжьынымкIэ кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и Іэтащхьэу ягъэув, иужькlэ секретарь кьулыкъур кьрат.

1964 гъэм и жэпуэгуэм екIуэкIа комсомол конференцым коммунист Щоджэн Аслъэнбэч институтым и комсомол комитетым и секретару щыхах, соми 110-рэ и улахуэу. А кьулыкъум пэрытыху Щоджэным хуэзфIэкIат цIыху мини 5 зыхэт комсомол зэгуэхэныгъэ институтым кьыщызэригъэпэщыну, дауи, ректоратымрэ парткомымрэ а Іуэхумкіэ кьыдэІэпыкъуащ.

1965 гъэм абы кьыхуагъэлъэгуэт адэкIэ зыгъэкIуэтэн комсомол лэжьыгъэ, ауэ идакъым. «Абы щыгъуэ си хуэзпсапIэр политикэ лэжьакIуэ сыхъунратэкъым, атIэ техникэ щIэныгъэхэм я кандидат щIэр си щIэныгъэкIэ зыІэрызгъэхьэныртэ», - жеIэ Аслъэнбэч.

1968 гъэм Щоджэным и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIри, Налшык къыгъэзэжащ. Арщхьэкlэ, КъБКъУ-м лэжьыгъэ щимыгъэту, Орджоникидзе макIуэ, ар аспирантурэм зэрыщIэсри Горскэ мэкъумэшэ институтыр кьыщIэупщIэрт. ЭлектрификацэмкIэ факультет кьыщызэIуахагъащIэти, Іэщ1агъэлIхэр яхурикъутэкъым. Арати, Аслъэнбэч занщIэу «Теоретические основы электротехники, электроснабжение и автоматика» кафедрэм и унафэщI ящI. А кьулыкъум зы илъэсым тIэкIу щIигъуу пэрытауэ арат, езым хуэдэ Іэщ1агъэлI щIалэхэр кьыдэІэпыкъуу кафедрэщIэр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ щищIам. Кафедрэ «нэщI» щытам иджы Іэмэпсымэ псори зыщIэт лабораториеу 6 иІэт. Иужькlэ ди республикэм и электрификацэ Іэнатlэм щылэжьа ди щIалэ куэд щригъэджащ абы Горскэ мэкъумэш академием

● Къафэм и дунейпсо махуэ

Щоджэн Абубэчыр. *1976 гъэ*

Гъуаздж эм и гъэр

«Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу Евтушенкэ Николай, Тэрчокъуэ Къамболт, Бгъэжьнокъуэ Хьэчим сымэ Москва нэс дыкъыщрагъэщIыхуамэ, «Кабардинка»-м ди щIэнхабзэр Америкэм нихьэсащ», - жиIэгъащ Мэлбахьуэ Тимборэ. Апхуэдэ зэфIэкI зиIа ди къэфакIуэхэр іыпкъым и набдзэу щIыхубзм елъытэ. Льэпкъ къафэр псэкIэ зыхэзыщIэхэм ящыщщ илъэс тIощIкIэ «Кабардинка»-м хэта Щоджэн Абубэчыр (Владимир).

ЩIЫСАБИЙ дыдэм кьыщыщIэдзауэ кьэфэныр гъащIэ гъусэ зыхуэхъуа Щоджэным (Зеикъуэ щыщщ) лъагъуэ дахэ хезыгъэша и гъэсакIуэфIхэм я гугъу щимыщI кьэхъуркъым.

- ДыщIалэщIэ дыдэу дыкъащатат «Кабардинка» ансамблым, ауэ сэ абы зыгуэркIи сыхуэхъэзырт. ГъэсакIуэ хьарзынэхэр сиIащ. ПщыхьэщхьэкIэрэ, школ нэужькIи, дыззохуищэт ди кьуэжэдэс нэхъыжьыфI БгъэжьнокъуэІ Исмел. Абы лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ дыхигъэгуаззэрт. А лIыжьыр икIи пшынауэт, икIи гъэсакIуэт, Іуэрыіуатэм, макъамэм фIыуэ хищIыкIырт. Курыт еджапIэр кьэдухьу училищэм дыщыщIэтIысхьами, сэ Іэщ1ыб сщIакъым кьэфынэр. Уэрэдус, кьэфакIуэ лъэщ Къаншырэ Биилап дэк эыщыізгъэсащ, Дашу Хьэшыри куэд кьызигъэщIащ, - игу кьеГъэкIыж Абубэчыр. - Щапхъэ уиIэн хуейщ, сыт хуэдэ Іуэху уПэрымыхьэми. Апхуэдэ кьэфакIуэ нэхъыжьу диІащ Соттаев Кьаншащэ, ансамблым и налкъутт Шэру Соня, Алэкъей Мухьэмэд, Дзыхьмыщ Зарэ и Іэм и дахагъыщ къиізтым хуэдэ гупым сызэрыхэта илъэс 20-м сльэгъуауэ кьыюхуэщIэжьркым, Къарэжь Людэ и псэ емыблэжу зэрылажьар сыт и уасэт! Мысачэ Алик ещхьу утыкум лъапэкIэ къильадэрэ макъамэр иухыхункIэ апхуэдэу кьэфэфынур мащIэщ. Шэру Соня иужькIэ соло зыщIэзэщIа Мысачэ Валентини «псыр ес кьыу хужь» зыхужаIэм хуэдэт. ЛIы губзыгъэхэт Нэгъуэдэ Барэсбии КIэш ФуIэди, Хьыдзэдж Анатолэ нэмысу хэпльам ущIэмыуIащIэхэ. Мамбэт Хьэсэн, Балъкъэр Сэфрэиил...

Щоджэныр кьэфакIуэ гуп цIэрыIуэм зэрыхьхьам хьыбар кIэщI иІащ. Сонет власткъ ди кьэралым зэрыщаухуэрэ илъэс 50 зэрырикъум и щIыкькIэ 1967 гъэм художественнэ самодеятельностхэм я зэхьэзэхуэ ин екIуэкIауэ щытащ. Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтэ Гальперин Григорий («Кабардинка»-м и унафэщIт) щIалэ зытхух, Абубэчыри яхэту, абы кьыхишри и ансамблым иригъэблагъат. УнафэщIми гъэсакIуэхэми я дзыхь кьызэрырагъэзам папщIэ, Щоджэным лъэкI къигъэнакъым. Армэм ираджэн и пэ къиухуэу, Абубэчыр ансамблым хэту мазитIкIэ щылэжьащ Африкэ Ищхьэрэм и къэралыбзыкэн і Ищхьэрэм и къэралыбзыкэн і Ищхьэрэм и къэралыбзыкэн і

● Псалъэжьхэр

Гур мыгъмэ, нэр гъыркъым

♦Зи Iэгу нэщIым и нэгу щIыIэщ.
♦Лэгъупыр нэкIэ къегъавэ.
♦Насып зиIэм шыIэ иIэщ.
♦Пщым и щIыб джатэ щагъэдалъэ.
♦Бгъэлъыщэмэ, мывэри зэгуоуд.
♦Бжэн щынэ къилъхуркъым.
♦Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.
♦Бзум и лым хуэдэщ и лэпсри.
♦БлэбгъэкIым, улъэщIыхьэжьркъым.
♦Губгъуэ пщIащэрэ унэ пщIащэрэ зэтохуэ.
♦Гугъуехь зымылъэгъуам тыншыгъуэ ищIэркъым.
♦Гур мыгъмэ, нэр гъыркъым.
♦Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и бгъуагъщ.
♦Гъущ! куэбжэ зиIэ гъущ! мастэ щощIэ.

● Теплъэгъуэхэр

АдыгэлIрэ лIы бэшэчрэ.

«Сэ Куэблэ Аскэр си адэшхуэщ!»

● Шапсыгъ


Сторожук Янэ

Краснодар къыщапщытэжащ «Кубань щIыхь зиIэ и бзылъхугъэхэр» зэпеуэм къриуIуахэр. «Деловая газета - ЮГ»-м газетым кьызэригъэпэщащ зэпеуэм «Социальнэ проектхэр» унэтIыныгъэм щытекIуащ «Гуапагъэм и щIыпIэ» псапащIэ фондым и унафэщI, ТIуапсы районым щыщ Сторожук Янэ. Абы папщIэ Iэ яIэтащ цIыху миным щIигъум.

Янэ журналистщ - «Кубань 24» каналым социальнэ телепроект щрегъэкIуэкI, жылагъуэ лэжьакIуэщ. Илъэс куэд хъуауэ псапащIэ Iуэху зэрехуэ. Абы «Гуапагъэм и щIыпIэ» зыфIища фондыр доIэпкъыу сабий сымаджэхэм, зеиншэхэм.

- Дэ дыщытекIуэр дызэкъуэтмэщ, - кIыхьигъэщащ Янэ текIуахэр щагъэзэжа пшыхьым къыщыщыпсалъэм. - Дызэгъусэу дытекIуащ сабийхэм я уз куэдым. ЩIынальэм щыпсэухэм абыхэм хуащI гулъытэр лъапIэщ....

Янэ и къуэпсхэр адыгэ лъэпкъым къыщожьэ.

- Сэ Куэблэ Аскэр си адэшхуэщ! - жеIэ ар гушхуэу.

Иджыри студенту абы газетым кьытригъэдзауэ щытащ, тенджызэ фIыщIэ IуфэкIи абы и гъунэгъу щыпIэхэми зи цIэр фIыкIэ щыIуа и адэшхуэм триухуа тхыгъэ.

- ИгъащIэм дызэрымыльэгъуа пэтми, си адэшхуэмрэ сэрэ ди псэкэр зэфэгъуц. Ар тетхыкъу щытащ и нэгу щIэкIахэмрэ щыпсэуа зэманыр зыхуэдэмрэ. ИщIэ хуэдэт зэгуэр а тхыгъэхэр сэ кьызэрыскъущхьэпэнур, - щыжеIэ абы Янэ.

Адэшхуэм и гукъэкIыжхэм кьыхощ иджырей щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъун гъэщIэгъуэн куэд. Псом ящхьэу зытригъащIэри щIалэгъуалэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтын зэрыхуейрщ.

- Классибгъу къуиха нэужь, Аскэр нэхъри нэхъыеиншэ хуэхъуат еджэным. Хетагуров Коста и цIэр зэрихьэу Осетие Ищхъэрэм щыIэ пединститутым и рабфакым щеджэри, ар кIуэжащ и адэанэр щыпсэу Псэущхьэшхуэ къуажэм. Юрист IэщIагъэм хуедэжну и нэ къыхуикIырт, ауэ зауэр къэхъейри, и мурадкэр зригъэтIылъэкIын хуей хъущщ, - етх Янэ.

Абы щыгъуэ Аскэр илъэс 17 хъууэ арат. И къуажэгъуэр зауэм дашу щIилъагъум, езыми и ныбжьым зы илъэс щIигъури, зауэкIуэ кIуащ. Ар яхэтащ Малая Земля щIыпIэр зыхъумахэм.

1945 гъэм Куэблэ Аскэр къигъэзэжащ и къуажэжьым. ИкIэщIыпIэкIэ абы пищэжащ и еджэным. ЯпэщIыкIэ ар щIэтIысхьащ Фрунзем и цIэр зезыхьэ Краснознаменнэ дзэ-политикэ училищэм, иужькIэ Ростов юристхэр щагъэхьэзыр школым илъэситIкIэ щеджащ. 1959 гъэм Юристхэр щагъэхьэзыр союзпсо заочнэ институтым щIэтIысхьащ. Абы лэжьэн щIидзащ прокурорым и дзIэпкъуэгъуу, иужькIэ юрист Iуэхутхьэбзэ щат Iуэхущ1ап1эм и уэчылу.

- Аскэр и Iэщ1агъэм щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэмрэ и унагъуэм къихъуэ гуфIэгъуэхэмрэ зэпэджэжырт. А зэманхэм дунейм къытехьащ абы и япэ щIалэ Iэюб. 1954 гъэм Куэблэр хагъэхьащ Краснодар крайм и адвокатхэм я коллегием. А гъэ дыдэм етIуанэ щIалэ Аслъэн къалъхуащ. 1963 гъэм си адэшхуэр ТIуапсы районым и цIыхубз хьэкумыщIэ хъуащ. Илъэс дэкIри, абы и хъыджэбз Светланэ дунейм къытехьащ. Псори езыр зэрехъуэпсам хуэдэу екIуэкIырт - щхьэгъусэ гумащIэрэ бын жьIэдалIэрэ иIэт, езым пщIэ кьыхуащIырт. А псом зыщимыгъэнщIауэ, 1976 гъэм си адэшхуэр уз хьэлъэм илIыкIащ...», - етх адэкIэ Сторожук Янэ.

- Сыту куэдрэ къэхъурэ гъащIэр щыгущIэгъуншэ, - жеIэ Янэ. - Сэ кьысхуэнащ си адэшхуэм теухуа хъыбархэр, си сатырхэр зэманым фагъуэ ищIа тхыгъэхэр зэрыт дневникыр. ФIыгъуэу щыIэм нэхърэ нэхъ къэсщтэнт си адэшхуэм зэ нэхъ мыхъуи сыбгъэдэсыну. Ауэ... ФIыщIэ хузощI щIыхуэм ягу кьинэжькIи хуэдэу дунейм тета си адэшхуэм!

НЫБЭ Анзор.

● ГъэщIэгъуэнщ

Хъыбар кIэщIхэр

США-м щыщ Рьюсэс Биби шхэну сытым дежи фIэфIщ, ёрыскъы хэди ищIыркъым, ауэ морожнэм пищI щыIэкъым. Зэгуэр абы сыхьати 4-рэ дакъикъэ 17-м къриубыдэу морожнэ килограмм 44-рэ ишхат икIи пщащэм и узынщагъэм ар зыкIи зэран хуэхъуакъым.

* * *

Ику ИтУ щIым къыщыщIэдзауэ Дыгъэм нэс километр 149.597.870-рэ, Маззэм нэс - километр 384.400-рэ дэлъщ, щIыр сыхьэт 23-рэ дакъикъэ 56-рэ секунди 4-м зэ кьокIэрэхъуэкI, щIыр Дыгъэм къокIэрэхъуэкI махуэ 365.25-кIэ, зы секундым км 29,8 къызэринкIыу. щIым и щхьэфэр километр зэбгъуэзнатIэ 510.100.000-рэ мэхъу, абы щыщу псым процент 29-р яIыгъщ. Дыгъэр Шыхулъагъуэ галактикэм хэту зы секундым км 290-рэ икIуу мэкIэрахъуэ.

* * *

Испан тхакIуэшхуэ Сервантес Сааведрэрэ инджылыз драматург цIэрыIуэ Шекспир Уильямрэ зы махуэм - 1616 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м - дунейм ехыжащ.

* * *

Фэ фщIэрэ Норвегие тенджызым зы жэщ-махуэм кьриубыдэу хуабэу МВт мелуан 80 хьэуам зэрыхигъэтыпщхьэр? Дунейм хыуэ тетым зы жэщ-махуэм хуабэу МВт мелард 30 хигъэтыпщхьэ. Ар Дыгъэм ЩIым хуабэу кьритым и процент 20-м нос.

* * *

Ди эрэм и пэкIэ 3200 гъэм Мени фирхьэуным Мысырым щыIэ пщыгъуэхэр зэгуигъэхьэри, Мемфис зи кьалащхьэ Мысыр къэралыгъуэр кьызэригъэпэщащ, дунейм щыяпэ дыдэу. Илъэс 500 хуэдизэ дэкIа нэужь, ар лъэщ мэхъу икIи ди эрэм и пэкIэ 2725 гъэм зауэ зекIуэкIэр ирагъажьэ, лъэныкъуэ куэдкIэ унэтIауэ. Апхуэдэурэ къаз-зауэщ Суданыр, Сириер, Ливаныр зэрыс щIыналъэхэр.

● Хъуэхъу

Бахъсэн къалэм щыщ Кумыщ Къадир Мусэбий и къуэр накъыгъэм и 1-м илъэс 75-рэ ирокъу



ПщIэ зыхуэтщI Къадир! ФIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфIым, жьыми щIэми ди чэнджэщэгъум, ущиякIуэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи узынщагъэр быдзу, гукъыдэжьуиIэу, уи щхьэгъусэ Ленэ хьэпщIэуэту, гуфIэгъуэр уи жьэгу имыкIыу, жьыгъэр кьыпщIэмыхьэу упсэуну, уи гъащIэм адэкIи кьыпищэну ди гуапэщи, куэдрэ Тхьэм ди япэ уригъэт.

Гугъуэт Лиуан и унагъуэр

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Адыгэ зауэлI, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **4.** Лъэпщ ипэкIэ нартхэм яIа гъуКIэ. **6.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащ1э Амырхъан къыщалъхуа къуажэм иджы зэреджэр. **8.** ЩIэпым кьыхах кIапсэ цIыкIу зэIущахэр. **9.** Лъакъуэ куэд зыщIэт, псым щIыпсэу псэущхьэ цIыкIу. **13.** ГъуКIэ Iэмэпсымэ. **14.** Щхьэхуитыну яIыгъ цIыху. **15.** Аргъуей зэз, ... кхъуей. **16.** Бжэлъэ. **20.** Тэрч районым щыщ гъавэгъэкI цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и �лIыхъужь. **21.** Республикэм е къэралым и кьалэ нэхъыщхьэ. **26.** Къэбэрдей усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа адыгэ усакIуэхуэ. **27.** Адыгэ щIэныгъэлI, драматург, уэрэджы1акIуэ Iэзэ, хъыбарыжь, псалъэжь куэд зэхуэзыхьэсыжа. **30.** Ижь зыхуэощIри хъуркъым, ... зыхуэощIри сыхуэзагъэркъым. **33.** Диным зэрыжиIэмкIэ, дунейм ехыжам и псэр здэкIуэ щIыпIэ. **34.** Адыгэ уэрэджы1акIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэршей-Шэрджэсми, Адыгейми я цIыхубэ артист. **26.** Джэдкъазыр пщIанТIэм къыдэзыгъэхьэжыну дэкIа нанэм къыздищта пхъэ кIапэ. **38.** ВаГъэм къыщIхьэщих бахъэ. **41.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз художник. **42.** Адыгэм кьахэкIа усакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ. **44.** Унагъуэ Iуэхуэхэр зыхуэей зуэхуэгъаэз бзылъхугъэ. **46.** Щыбжий фIыцIэ мэ гуэкIуэ зиIэ.**47.** « ... лIыгъэ хэлъщ». **48.** Мэлыц щабэ, щIакIуапхъэ.

Къехыу: **2.** Уафэм кьех псыIэгъэ. **3.** ТIыхъужь Алий, Токъуий Хьусен, Сибэч Быхуэ, Къунькъ Хьэждал сымэ я къуажэ. **4.** «Окопэм къокIри зы ...» - КIыщокъуэ Алим и усэ «Майм и 9-м 1945 гъэм» щыщщ. **5.** Iуащхьэмахуэ и щыгу япэ дыдэу дэкIа Хьэшыр ... **6.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гимныр зи Iэдакъэщ1экI композитор. **7.** Ди гъунэгъум мэл ... иIэщ. **10.** «Псалъэу кьызжепIахэм уепцIыжами, ... сокIуэ лъэныкъ цIыкIум деж» - Афэщ1агъэ Зоерэ Джэдгъэф Хьусен-рэ яуса, Аслъэн Iосят игъэзащIэ уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **11.** Ди Къэбэрдей тхакIуэ пажэхэм ящыщ зы, «новеллэ» жанрым хуэижь. **12.** Кьымылым хуэдизыкI алэрыбгъу. **17.** УсакIуэхэу Гъубж Мухьэдин, КIэщт Мухьэз, уэрэджы1акIуэ цIэрыIуэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, МуIэед, Шал Хьусен сымэ я къуажэ. **18.** Шым и кIуэкIэ. **19.** ... вы бжьакъуэм къокI». **20.** ПлъэжьыфI. **22.** Танкым ит Iэщ. Е зэрыджэгу хьэпшып. **23.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар лъакъуэнщщ. **24.** КъуацэчыщI. **25.** Жыг ... е джэдыкIэ ... **28.** ЖьIэдалIуэ. Е фызым и лIыр ... къищIащ. **29.** Члисэм фIэлъ уэзджынэшхуэ. **30.** ... гъущэрыльрэ фыз игъэплъа лIырэ. **31.** Iэщ пIащэ: губжьаеуэ упщIэхуэмэ, бжьакъуэпэкIэ укърихьэжкIынщ. **32.** Хьыджэбз щIалэ. **35.** Пасэу хъу хадэжкI. **37.** Ди республикэм щыщ, мы зэманым Къэрал Думэм и депутат. **39.** Мэзыр зи псэупIэу жьыхуаIэ лIы бэлацэщхуэ. **40.** Индием и премьер-министру щыта зэаннэзкъуэ. **43.** Цыху Iэл, Iэубыдыпl1эншэ, гущIэгъуншэ. **45.** ЩIалэр ... куIрэ фо цIынэкIэ яIащ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Мэлыжьыхьым и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** КIэху. **2.** ЩIым. **7.** ЩIэупщIакIуэр. **8.** Урыху. **9.** Гъупщ. **10.** Сытхъу. **13.** Дерт. **14.** Дыгъужь. **18.** Iэмбатэ. **20.** Хугу. **21.** Яе. **22.** Хъарзынэ. **27.** Лъагъуэ. **28.** Плъыр. **32.** Амыщ. **34.** Кьурш. **35.** Куба. **36.** Кьуабэбжьабэ. **37.** Щай. **38.** Кьыкъ.

Къехыу: **1.** КIэнауэ. **3.** Мэлыхъуэ. **4.** Дэлъху. **5.** ГъущIыпэ. **6.** Хьэпс. **11.** Хъурмэ. **12.** Чынт. **13.** Ду. **15.** Жьы. **16.** Абазэ. **17.** Шхуэ. **19.** Дзей. **23.** Абгъуэ. **24.** Налъэ. **25.** Гулъ. **26.** Хур. **29.** Кьанкъуэщ. **30.** Курыбэ. **31.** Бащлыкъ. **33.** Щхьэж. **35.** Кубэ.

Щыхьым и жыг

● ЦыкIуэхэм папщIэ

Хьэмид и адэр бжьахъуэт. Губгъуэм ист зззэмызэ фIэкIа кьыдэмыхьэжу. Зы пщэдджыжь ар пIащIэу кьэкIуэжащ.

- КIуэт, пIасэ, пщыIэм дэкIыт. Бжьэматэм зэран яхуэхъуIамэ, жызоIэри, согузавэ, - зыхуигъэзащ абы Хьэмид. - Сэри зызгъэгъэнкъым.

Хьэмид иджыри къэтэджатэкъым. И гуапэ хуякъым къыжраIар. Щхьэхырт, и жеини къакIуэрт. Адэр абы тIэу-щэ щхьэщыхьащ. Сытми, ерагъкIэ къэтэджащ щIалэ цIыкIур, хущхьэу, щатэу.

- Сэ си закъуэ сытесыфынукъым абы, - жеIэ и зэр щIиукъуанцIу и адэм къепльурэ,- сошынэ!

- Махуэ шэджагъуэм сыт шынэ, зи унагъэрэ?.. Механизаторхэри мыжьыжьащэу щовэ.

Хьэмид «хъунщ» жиIэртэкъым. Щыст, и Iупэр кьыIуригъэпIиикIауэ.

Асыхьэтым къыдыхьащ гъунэгъу щIалэ цIыкIу Щыхьым.

- Сэ сынэкIуэнщ, Хьэмид, уи гъусэу, - жиIащ абы. - Ауэ сытми сфIэфI сэ губгъуэр!

КIуэурэ мэзым пыхьэж губгъуэшхуэм пхыкI гъуэгум пэмыжьжьэу щыт кхъужьейм бгъэдэт пщыIэм тесщ «бжьахъуитIыр». Хьэмид иджыри зэпимыгъэуауэ мэхущхьэ, мэщатэ, зызэфIещ. Щыхьым хьэмыIуу щыс кьыпфIэщI бжьэматэм яхопIэ. ЗащигъэщIыркъым хьэуа кьабзэм, пщэдджыжь дыгъэм, бзу цIыкIуэм кьраш уэрэдым.

Асыхьэтым Хьэмид пщыIэм кьыщIокI джыдэ иIыгъуу.

- Си фэеплъ кьэзгъэнэнуц! - жеIэ абы. - МакIуэри, куууэ хиупщIэурэ, кхъужьейм и цIэр пIащэу третхэ.

- ИгъащIэкIэ блэкIми кхъыбгэкIыжми яIъагъуу тетынущ ар, - жеIэ Хьэмид, и «лэжьыгъэм» щыгуфIыкIыжу.

Щыхьыми мурад ищIащ и фэеплъ гуэр кьигъэнэну. Мэзым жэщ, жыгыщIэ щIыкIу кьихьри, пщыIэ бжэIупэм щыхисащ.

... Фэбжь зыгъуэта кхъужьейр зэрригъукIыжрэ незэман. Итаи имыIат. Щыхьым хиса жыгым губгъуэшхуэм лъагэу зыщIэтащ. Абы и щхьэкIэ баринэ дахэм бзу цIыкIуэхэм уэрэд кхъыщраш, шэджагъуэ хуабэ хъуамэ, губгъуэм ит лэжьакIуэхэм я зыгъэпсэхупIэщ. Зэреджэри Щыхьым и жыгщ.

ХЬЭХ Сэфарбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжькъварэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетым КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэм щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзыкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнат1эм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыныгъэр хъумэныкIэ аэр зытхахэм иэу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Гугъуэт Заремэ, корректорхэу Щхьэщэмыщ1 Иэз** *(2, 4-нэ нап.),* **Щ1ордэжь Иннэ** *(1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *Компьютерк1э газетым и теплъэр яц1ащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнат1эм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ●Тираж 4.072 ● Заказ №565